**दिन–बुधवार** **दिनांक–03.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे परीक्षा पेपर लीक एक पैघ समस्या अछि। श्री मोदी आइ राज्यसभा मे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मूक अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्ताव पर चर्चाक जबाब दऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे विपक्षी दल चालू सत्र मे ई मुद्दा के राजनीतिक भेट चढ़ा देलक। हुनक इच्छा छलनि जे सभ दल ई मुद्दा पर अपन राय राखैथ। श्री मोदी जनौलनि जे ओ देशक युवा सभ के भरोसा देबय चाहैत छथि जे एहेन काज मे जे कियो जुड़ल छथि, किनको नहि छोड़ल जायत। ओ जनौलनि जे नीट परीक्षा अनियमितता मामिला मे जांच एजेंसी अपन काज कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री कांग्रेस सहित सभ विपक्षी दल पर मणिपुर के लऽकऽ राजनीति करबाक आरोप लगौलनि। ओ जनौलनि जे मणिपुरक स्थिति शनैः–शनैः सामान्य भऽ रहल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे वर्ष दू हजार चौबीसक चुनाव मे देशक लोकसभ लगातार तेसर बेर हुनका मौका देलनि अछि। ओ जनौलनि जे लोकसभक ई विश्वास **सकल्प सँ सिद्धिक** विश्वास अछि। प्रधानमंत्रीक भाषण शुरू होयतहि विपक्ष हल्ला–गुल्ला करय लगलाह। बाद मे विपक्षी सदस्य सभ सदन सँ वॉकआउट कऽ देलनि।

---

राज्यसभाक कार्यवाही अनिश्चित काल धरि लेल स्थगित भऽ गेल अछि। दुनू सदनक संयुक्त बैसार मे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मूक अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्तावक बाद सभापति जगदीप धनखड़ एकर घोषण कयलनि।

---

केन्द्र सरकार उत्तर बिहार मे बाढ़िक समस्याक दीर्घकालिक समाधान लेल एक उच्च स्तरीय समिति बनौलक अछि। वित्त मंत्री निर्मला सीतारामनक निर्देश पर केन्द्रीय जल आयोग पांच सदस्यीय समितिक गठन कयलक अछि। ई समिति उत्तर बिहारक नदी लेल नव बराज आओर आनो– आन संरचना के बनेबाक संभावनाक पता लगाओत। जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आओर राज्यसभा सांसद संजय झा जनौलनि जे ई उत्तर बिहार मे बाढ़िक दीर्घकालिक समधान लेल एक पैघ पहल अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री झा

जनौलनि जे एहि लेल अट्ठाईस जून कऽ केन्द्रीय वित्त मंत्री सँ संसद भवनक हुनक कक्ष मे भेट–घाट भेल छल जे सार्थक रहल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राजस्व आओर भूमि सुधार विभाग मे कतेको पद पर चयनित नओ हजार आठ सय अट्ठासी अभ्यर्थी सभ के नियोजन पत्र सौंपलनि। एहि मे विशेष सर्वेक्षण सहायक बंदोबस्त पदाधिकारी, सर्वेक्षण कानूनगो आओर सर्वेक्षण अमीनक पद पर चयनित उम्मीदवार सभ छथि। पटनाक संवाद भवन मे भेल कार्यक्रम मे विभागीय मंत्री दिलीप कुमार जायसवाल सहित कतेको आनो–आन गणमान्य लोकसभ छलाह। ओतहि, जिला मुख्यालय मे प्रभारी मंत्री आओर जिलाधिकारी सभ नियोजन पत्र सौपलनि।

———————————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर जनौलनि अछि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि भारत के विकसित राष्ट्र बनाबय मे शिक्षा व्यवस्थाक पैघ योगदान रहत। श्री आर्लेकर आइ पटनाक राजभवन मे राज्यक विश्वविद्यालयक कुलपति सभक लेल भेल एक दिवसीय कार्यशाल के संबोधित कऽ रहल छलाह।

———————————————————————

मॉनसूक प्रभाव सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बारिश भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पश्चिम क्षेत्र मे कतेको ठाम बहुत भारी बारिश भेल अछि। सीवानक बड़हरिया मे सभ सँ बेसी दू सय पैंतीस दशमलव चारि मिलीमीटर बारिश भेल अछि। संगहि, कतेको ठाम सय मिलीमीटर सँ लऽकऽ दू सय मिलीमीटर धरि बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच पटना सहित एगारह जिला मे भारी बारिश भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, पूर्वी चंपारण, पश्चिम चंपारण, जमुई, मुंगेर, औरंगाबाद, रोहतास आओर कैमूर जिला मे भारी बारिशक आशंका के देखैत येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एहि बिच, मेघ गर्जनक संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि। एम्हर, बारिशक बिच फराक–फराक ठाम ठनका खसला सँ पछिला चौबीस घंटा मे चारि लोकक मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————

नेपालक जल ग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल वारिशक कारण गंडक, बागमती, कमला बलान , कोसी, महानंदा आओर परमान नदीक जल स्तर सदिखन बढ़ि रहल अछि। बागमती नदी

सीतामढ़ीक रून्नीसदैवपुर मे लाल निशान सँ सत्तरि सेंटीमीटर उपर बहि रहल अछि। ओतहि, नदीक जलस्तर बेनीबाद मे चेतावनिक स्तर के पार कऽ गेल अछि। कमला बलान नदी मधुबनीक झंझारपुर मे खतराक निशान सँ तिरपन्न सेंटीमीटर उपर बहि रहल अछि। ओतहि, नदीक जलस्तर मधुबनीक जयनगर मे लाल निशान सँ चालीस सेंटीमीटर कम दर्ज कयल गेल। कोसी नदी सुपौलक बसुआ आ खगड़ियाक बलतारा, आओर गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे लाल निशानक लऽगपास बनल अछि। महानंदा नदीक जलस्तर पूर्णियांक ढेंगराघाट मे लाल निशान सँ चालीस सेंटीमीटर आओर परमान नदी अररिया मे छओ सेंटीमीटर उपर बहि रहल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।